


Kitab Suci Bocah

nyuguhaké

Wiyose
Gusti Yesus



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: M. Maillot

Dibesut déning: E. Frischbutter; Sarah S.

Diterjemahaké déning: Endang Supardan
diproduksi déning: Bible for Children

www.M1914.org

BFC

PO Box 3

Winnipeg, MB R3C 2G1

Canada

©2011 Bible for Children, Inc.


Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.




Ing jaman kuno, Gusti Allah
ngutus malaékat Jibril ngrawuhi
sawijining prawan sing manis,
bangsa Yahudi, jenengé
Maria.



Malaékat mau ngendika, "Sira
bakal duwé anak, lan jenengana
Yésus. Anakmu iku bakal
disebut Putrané sing
Mahaluhur. Dhèwèké
bakal mréntah saklawasé."



"Lho, kadospundi sagedipun
kedadosan?" pitakonané prawan
iku kanthi gumun. "Kula dèrèng
kawin, dèrèng gadhah sémah"
Malaékat ngendika marang
Maria yen anak iku
tekané saka Gusti
Allah. Ora ana
manungsa sing
dadi bapaké.



Malaékat mau uga ngendika marang
Maria, yen nak duluré, Élisabèt,
nglairaké bayi sepisanan
bareng wis tuwa banget.
Iki uga mukijat. Ora
let suwe, Maria tilik
Élisabèt. Sakaroné
padha memuji Gusti
Allah bebarengan.



Maria wis tunangan
karo priya jenengé
Yusuf. Yusuf sedhih
atiné bareng ngerti
yen Maria wis
mbobot. Dhewèké
ngira bapaké bayi
sing dikandhut
kuwi mesti
priya liya.



Ing sajrone ngimpi, malaékaté
Allah ngendika marang Yusuf
yen anak iku putrané Gusti
Allah. Yusuf didhawuhi
mbiyantu Maria njaga
lan ngrawat Yésus.



Yusuf percaya lan manut marang Gusti Allah. Yusuf uga manut aturaning negara. Amarga ana peraturan negara sing anyar, Yusuf ninggalaké omahe, lunga asal usulé, yaiku Bèthlehèm,

Ian Maria kudu menyang kutha



perluné arep mbayar pajeg.




Maria wis mèh wektuné
nglairaké bayiné.
Nanging Yusuf durung
éntuk kamar kanggo
ngaso. Kabèh
penginepan wis
kebak tamu.



Pungkasané Yusuf bisa éntuk sawijining kandhang.
Ya nang kono iku Bayi Yésus lair. Ibuné nurokaké

Bayi Yésus nang wadhabah pakan
kéwan, yaiku panggonan sing
biasané kanggo
ndokok
pangané
kéwan.



Ora adoh saka kono, ana para pangon sing lagi njaga
wedhus-wedhusé sing padha turu.

Malaékaté Gusti ngetingal lan

ngendika yèn ana
kabar
apik
banget.




"Wis lair kanggo sira kabèh, ing dina iki, ing kuthané Dawud, Juru-Slamet, yaiku Gusti Kristus.

Sira bakal ketemu karo Bayi iku,

sumèlèh ing wadah
pakan
kewan."




Ujug-ujug, malaékat sing sumorot
padhang, tambah akèh banget, kabèh
padha memuji Allah, tembungé, ...



... "Kamulyakna Gusti Allah ing Ngaluhur lan
tentrem rahayu ing bumi, ing antarané
manungsa sing dadi renaning
penggalihé Gusti Allah."




Para pangon énggal-énggal
lunga menyang kandhang sing
dingendikaaké malaékat.




Bareng weruh Bayi iku, para pangon
banjur padha nyritaaké marang kabeh
wong sing ketemu, sembarang sing wis
dingendikaaké dening para malaékat
bab Gusti Yésus.



Patang puluh dino sakwisé Gusti
Yésus lair, Yusuf lan Maria
nggawa Gusti Yésus
menyang Padaleman
Suci ing Yerusalèm.







Nang kono ana wong lanang
tuwa jenengé Siméon, memuji
Allah amarga Bayi iku wis
lair; kejaba kuwi ana
uga wong wadon sing
jenengé Hana, uga
abdiné

Gusi,
sing
ngaturaké
pamatur
nuwun
kagem
Gusti
Allah.



Wong loro mau ngerti
yen Yesus iku Putrané
Allah, Juruslamet
sing dijanjèkaké
déning Allah. Yusuf
ngaturké kurban
manuk
loro.





Kurban ini pisungsung
tumrap kelairan anak sing
kudu diaturaké marang
Gusti Allah déning
wong -wong sing
kagolong miskin,
miturut
tatacara
adat.



Ora let suwé,
dikanthi déning
lintang sing
istiméwa,
ana Para




Pandhita Ahli perkara lintang
saka manca, negara ing tanah
Wétan, rawuh ing Jerusalèm.

"Rajanipun tiyang
Yahudi ingkang
nembé lair punika
wonten ing pundi?"
pamundhut
pirsané.




"Kula sami badhé sujud
nyembah ing ngarsanipun."

Raja Herodes miyarsa
utawa krungu bab
rawuhé Para Pandhita.
Panjenengané kuwatir
lan wedi banget, banjur
ngendika marang para
tamu mau supaya padha
paring kabar yèn wis
ketemu bayi
Yésus.



"Kula ugi kepéngin
sujud nyembah
ing Ngarsanipun",
mangkono Raja
Herodès anggoné
ngapusi. Sakbeneré,
Raja Herodès kepéngin
matèni Gusti Yésus.




Lintang sing istiméwa, nuntun lakuné para Pandhita tekan sawijining omah sing dienggoni Maria lan Yusuf karo Bayi Yésus. Para tamu saka adoh iku banjur padha sujud, lan ngaturaké hadhiyah sing apik-apik banget, wujud mas-masan lan wangи-wangian.



Gusti Allah ngélikaké
para Pandhita mau
supaya yèn mulih
meneng-meneng waé
ora kandha sapa-sapa.




Raja Herodhès
nepsu banget. Saka
kepenginé nyirnaaké Gusti
Yésus, raja sing jahat iku
dhawuh matèni kabèh bayi
lanang ing Bèthlehèm.



Nanging Herodès ora
bisa natoni Putrané
Alllah! Sajroné ngimpi
Yusuf diélikaké supaya
nggawa Maria lan Yésus
nang panggonan sing
aman ing Mesir.



Bareng Herodès
wis séda, Yésus
nggawa Maria lan
Yésus mulih saka
Mesir.



Banjur padha netep
ing kutha cilik jenengé
Nazarèt, cedhak tlagé Galiléa.



Wiyose Gusti Yesus


Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Matius 1-2, Lukas 1-2

“Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi.” Jabur 119:130






cunthel



36



60



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa,
sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang
Panjenengané.

Gusti Allah pirsa yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing
disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah
banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa
Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum
sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur
menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura
tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané
bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng
Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné:
Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti,
lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-
dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing
gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhai
gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka
salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut
dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Macaa Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

